Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2021 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KANPAY EDIKASYON AK APLIKASYON LALWA KONT CHOFÈ KI DISTRÈ PANDAN YO AP KONDUI

Kanpay lit kont chofè ki distrè pandan yo ap kondui nan tout Eta a ap fèt soti 8 avril jiska 12 avril

Yo te bay plis pase 30,000 kontravansyon pou vyolasyon lwa sou veyikil ak sou sikilasyon pandan kanpay aplikasyon lalwa ane pase a, sa gen ladan 2,897 pou chofè ki te ap kondui pandan yo distrè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anose jodi a Lapolis Eta New York (New York State Police) ak fòs aplikasyon lalwa lokal yo pral patisipe nan mobilizasyon nasyonal sou "U Drive. U Text. U Pay" (Ou ap Kondui. Ou ap Tèks. OU ap Peye) a pou sansibilize chofè sou danje pou yo distrè pandan yo ap kondui. Avril make mwa sou sansibilizasyon kont chofè ki ap kondui pandan yo distrè nan tout nasyon an. Fòs aplikason lalwa nan tout Eta a pral mete patwouy pandan inisyativ pou aplikasyon lalwa sa a, ki ap fèt soti jedi 8 avril rive lendi 12 avril.

"Kòm nou te wè avèk lanmò trajik Manm Patwouy Joe Gallagher a, chofè ki ap kondui pandan yo distrè kapab mennen konsekans ki mòtèl, epi nou pap tolere sa nan Eta New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York te montre chemen an avèk fyète nan konbat chofè ki ap kondui pandan yo distrè lè li vini premye Eta nan nasyon an ki anpeche itilizasyon telefòn selilè epi ki depi lè sa a kontinye efò nou yo pou asire sekirite tout moun sou wout yo. Jodi a epi toujou, mwen ankouraje tout moun pou jwe wòl yo a pou yo kondui yon fason ki responsab epi pou yo sove lavi."

Manm patwouy Joe Gallagher te mouri mwa pase a anba blesi li te ap sipòte depi 2017 lè yon veyikil te frape li. Otomobilis la te distrè paske li te ap tèks nan yon telefòn.

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) New York la ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a, Mark J. F. Schroeder, te deklare, "Nou kanpe ak tout kè nou avèk fanmi Gallagher a ak tout sila yo tankou li ki te sibi pèt akòz chofè ki te ap kondui pandan yo distrè. Kòm yo byen konnen, yon ti moman inatansyon kapab mennen ni nan konsekans ki koute chè ak konsekans trajik. Solisyon pou pwoblèm kontini sa a senp—evite nenpòt aksyon ki pral retire je ou ak atansyon ou sou wout la, epi ou kapab ede kenbe wout nou yo an sekrite".

Sipè-entandan Pwovizwa Lapolis Eta New York la, Kevin P. Bruen, te deklare,"Youn nan prensipal priyorite nou se kenbe wout New York yo an sekirite. Chofè ki distrè yo se yon danje klè ak yon danje prezan pou nou tout. Chofè ki ap itilize aparèy elektwonik dèyè volan yo pa sèlman retire atansyon yo sou wout la, men tou li mete lavi anba risk. Aksidan ki se rezilta itilizasyon aparèy moun kenbe nan men yo konplètman evitab epi souvan yo bay kòm rezilta trajedi tèrib, tankou lanmò resan Manm patwouy Joe Gallagher nan Patwouy L (Troop L). Yon chofè ki distrè te frape Manm patwouy Gallagher nan ane 2017 pandan li te ap ede yon otomobilis ki andikape. Li te mouri 26 mas 2021. Tanpri, depoze aparèy elektwonik yo lè nou dèyè volan an".

Pandan kanpay kont chofè ki ap kondui pandan yo distrè nan mwa oktòb 2020 an, fòs aplikasyon lalwa yo nan tout Eta a te bay 30,151 kontravansyon pou vyolasyon lwa sou veyikil ak sou sikilasyon, sa ki enkli 2,897 arestasyon pou chofè ki ap kondui pandan yo distrè. Repatisyon konplè a isit la:

Vyolasyon	Kantite Kontravansyon
Kondui Distrè	2,897
Lwa Mete w Akote a	227
Lòt vyolasyon	16,643
Senti sekirite	926
Eksè Vitès	8,653
Alkòl/Dwòg	805
Montan Total	30,151

Pou ede edike otomobilis yo sou danje lè yo ap kondui pandan yo distrè GTSC a te lanse yon kanpay sèvis piblik nan mwa avril sa a. Kanpay la pral prezante sou pano piblisitè, televizyon, ak nan radyo.

Chèf Depatman Polis Ilion, ak Prezidan Asosyasyon Chèf Polis Eta New York la, Timothy Parisi, te deklare, "Manm nou yo ap sipòte epi yo pral patisipe aktivman nan kanpay sa a nan tout Eta a. Twò souvan nou wè enpak negatif ke chofè ki ap kondui pandan yo distrè lakòz nan kominote nou yo. Move desizyon kapab lakòz konsekans trajik! Ede nou kenbe wout nou yo an sekirite, pa kondui pandan ou distrè".

Cherif Konte Columbia ak Prezidan Asosiyasyon Cherif Eta New York (New York State Sheriffs' Association) yo, David Bartlett te deklare, "Aparèy elektwonik yo kapab fè anpil bon bagay men yo kapab distrè nou tou pandan nou ap kondui. Lè ou ap opere yon veyikil depoze aparèy yo, limite distraksyon yo, epi konsantre ou sou kondui. Cherif Eta New York yo vle ou rive nan destinasyon ou a an tout sekirite kidonk pa kondui pandan ou distrè".

Pou ede dekouraje otomobilis yo pale sou yon telefòn selilè san yo pa gen yon aparèy ki rann men yo lib, ekri mesaj tèks, oswa lè yo sèvi avèk yon aparèy elektwonik pandan

yo ap kondui, Eta a etabli penalite ki strik. Penalite yo ka varye ant 50 a 450 dola amann, 5 pwen vyolasyon chofè, ak sispansyon oswa revokasyon lisans.

Dapre Administrasyon Nasyonal Sekirite sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA) la, 3,142 moun te mouri Ozetazini nan aksidan ki enplike distraksyon an 2019. Pou ede anpeche plis trajedi, NHTSA a rekòmande sa ki annapre yo pou otomobilis yo:

- Si ou dwe voye oswa resevwa yon tèks, kanpe sou kote nan yon pozisyon ki an sekirite epi pake machin ou an dabò.
- Si ou genyen pasaje, chwazi yon "moun ou dezinye pou voye ak resevwa tèks" pou jere tout zafè tèks ou.
- Si ou pa kapab reziste ak tantasyon pou gade telefòn ou an, kenbe li nan kòf la.

Konbine ak kanpay aplikasyon yo, GTSC kowòdone plizyè aktivite sekirite sikilasyon pandan ane a, epi sipòte inisyativ kontini pou amelyore sekirite pyeton, ak moun ki sou moto ak bisiklèt yo. GTSC te patwone tou fòmasyon esansyèl pou fè aplike lalwa, bay resous pou chofè adolesan yo ak paran yo, epi ankouraje itilize senti sekirite nan tout Eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU